



ENSTWIKSYON PWOVIZWA POU EDIKASYON SIPERYÈ PANDAN ETA IJANS SANTE PIBLIK POU COVID-19 LA

Lè ou fin li dokiman sa a, ou ka konfime sa anba dokiman an.

Apati dat 20 jen 2020

Objektif

Yo te kreye Enstwiksyon Pwozivwa pou Edikasyon Siperyè yo pandan Eta Ijans Sante Piblik pou COVID-19 yo ("Enstwiksyon Pwozivwa pou Edikasyon Siperyè yo") pou ka bay kolèj, inivèsite ak lòt enstitisyon edikasyon siperyè yo, ak anplwaye, etidyan, vizitè, antrepriz, ak machann yo prekosyon ke yo ka pran pou ede pwoteje tèt yo kont pwopagasyon COVID-19.

Objektif enstwiksyon sa a se pou abòde tout tip enstitisyon edikasyon siperyè an pèsòn yo, ki enkli men ki pa sèlman kolèj kominotè ak prefak yo, inivèsite, lekòl lisans ak pwofesyonèl yo, lekòl medikal, ak lekòl teknik yo. An plis de deklare ke yo konprann epi ranpli kondisyon ki dekri nan dokiman an, enstitisyon edikasyon siperyè yo dwe devlope yon plan reyouvèti ak fonksyonman yo pandan tout dire eta ijans sante piblik pou COVID-19 la. Plan yo ta dwe reflekte angajman ak pati ki konsène sou kanpis yo, ki enkli men ki pa sèlman administratè yo, manm fakilte, pèsònèl, etidyan ak, lè sa apwopriye, òganizasyon ki afilye yo (pa egzanp, sendika, ansyen etidyan, ak/oswa gwoup ki baze nan kominote yo). Espesifikman, chak enstitisyon dwe devlope epi soumèt yon plan ki, pou pi piti, kouvri:

- (1) Reyouvèti kanpis lan,
- (2) Siveyans sou kondisyon sante yo,
- (3) Konfinman pou ka transmisyon potansyèl viris lan, ak
- (4) Fèmti aktivite an pèsòn yo sou kanpis lan, si sa nesèsè akòz transmisyon COVID-19 toupatou sou kanpis lan.

Reyouvèti a gen ladan plan pou relanse aktivite sou kanpis yo ki enkli retou etidyan, manm fakilte, ak pèsònèl yo. Konsiderasyon sa yo dwe gen pami yo, pou pi piti:

- **Kapasite:** Plizyè faz ak kantite etidyan, fakilte ak pèsònèl ki ap retounen sou kanpis yo, konsidere faktè tankou kapasite pou kenbe distans sosyal nan espas piblik ak batiman rezidans yo, kapasite pou fè tès yo, disponibilite Ekipman pou Pwoteksyon Pèsònèl yo (Personal Protective Equipment, PPE), kapasite karantèn ak izòlman, kapasite medikal lokal, ak disponibilite mwayen transpò an tout sekirite;
- **PPE:** Devlope plan pou ka jwenn epi bay tout anplwaye enstitisyon an mask ki akseptab pou kouvri figi yo. Detèmine si enstitisyon an pral bay etidyan yo mask pou kouvri figi yo oswa lòt PPE yo. Devlope kondisyon sou ki tip PPE ki nesèsè ak ki kote ak kilè pou anplwaye, etidyan, ak lòt moun ki sou kanpis yo, konfòmman a lwa, règleman, ak règ sante piblik eta ak lokal yo;
- **Tès:** Planifye fè evalyasyon ak tès dyagnostik pou etidyan ak manm fakilte yo pou SARS-CoV-2 kou yo retounen, espesyalman nenpòt moun ki te fè vwayaj entènasyonal oswa vwayaj long distans yo, patikilyèman sa ki soti nan zòn ki gen transmisyon viris la toupatou nan kominote yo. Plan yo ta dwe endike si yo pral teste moun yo, kilès yo pral teste, frekans tès yo, metòd tès yo, notifikasyon pou rezilta tès yo, ak pwosesis pou sila yo ki ap vin sou kanpis yo san teste. Plan yo ka detèmine si wi ou

non yo dwe mete etidyan yo an karantèn lè yo rive, jiskaske yo fin pase tès epi gen yon rezilta tès ki negatif;

- **Moun ki ap viv nan rezidans yo:** Plan pou moun ki ap viv nan rezidans yo ta dwe gen ladan yo pwotokòl pou limit kapasite yo, netwayaj ak dezenfeksyon entansifye, distans sosyal ki apwopriye, itilizasyon mask ki akseptab pou kouvri figi yo nan espas komen yo, limitasyon sou rasanbleman ak aktivite ki pa esansyèl yo, aksè limite pou etidyan yo nan lòt etablisman rezidansyèl yo (pa egzanp, dòtwa yo), limitasyon vizitè yo, konsiderasyon lojman espesyal pou etidyan ki gen sistèm iminitè ki afebli yo oswa ki gen kondisyon sante ki afebli yo, espas ki separe pou moun ki ap viv an izòlman oswa karantèn, ak yon seri règ ki modifiye pou etidyan yo aplike;
- **Aktivite operasyonèl yo:** Detèmine jan nou ka adapte klas, espas pataje, ak aktivite yo an divès faz retou ak fonksyonman (pa egzanp, idantifye ki klas ki pral ofri apwòch altènatif tankou orè A/B yo oswa enstwiksyon a distans yo; itilizasyon espas pataje yo sou randevou sèlman, limite kantite moun ki ap patisipe nan aktivite an pèsòn yo nan kèlkeswa moman);
- **Relanse aktivite yo:** Mete sou pye plan pou ka retounen ouvri batiman yo an tout sekirite tankou plan netwayaj ak dezenfeksyon, epi relanse sistèm ayerasyon, sistèm dlo, ak lòt konpozan etablisman kle yo, jan sa aplikab;
- **Aktivite ekstraskolè yo:** Etabli politik konsènan pwogram ekstraskolè yo ak ki aktivite nou pral pèmèt moun òganize yo, konsideran distans sosyal ak risk transmisyon COVID-19;
- **Popilasyon ki vilnerab yo:** Konsidere popilasyon ki vilnerab yo sou kanpis yo ak moun ki ka pa santi yo konfòtab pou yo retounen, pou pèmèt yo patisipe an tout sekirite nan aktivite edikatif yo epi akomode sikonstans espesifik yo; epi
- **Ijyèn, netwayaj ak dezenfeksyon:** Etabli pwotokòl netwayaj ak dezenfeksyon sou tout kanpis yo pou sal klas, batiman rezidans, twalèt, sal kantin ak lòt etablisman yo. Pwomouvwa bon jan ijyèn pou men yo ak ijyèn respiratwa pami tout moun ki sou kanpis yo.

Siveyans yo gen ladan politik pou siveye kondisyon sante yo sou kanpis yo. Konsiderasyon sa yo dwe gen pami yo, pou pi piti:

- **Responsabilite pou fè tès yo:** Idantifye kilès ki responsab pou achte epi administre tès yo, ansanm ak notifikasyon pou rezilta tès yo; plan yo ta dwe ofri kontenjans pou evalyasyon pèmanan sou sentom yo ak verifikasyon tanperati yo san fè tès yo, si sa nesèsè.
- **Frekans ak pwotokòl pou tès yo;** Detèmine frekans ak pwosesis pou fè tès yo ki ka enkli plan pou teste pou koz yo (pa egzanp, moun ki prezante sentom yo, kontak tou pre oswa bò kote lòt moun yo, vwayaj entènasyonal yo), plan pou teste pou siveyans yo pou kapab sipèvizè yon fason pwoyaktif sentom ki tankou sa maladi grip yo, ansanm ak pwotokòl pou fè tès pou gwoup moun yo.
- **Siy avètisman prekòs yo:** Defini endikatè prensipal ki pral sèvi kòm siy avètisman prekòs pou kantite ka pozitif ki ka ap ogmante depase yon nivo ki akseptab; defini metòd pou ka pote kontwòl sou endikatè sa yo;
- **Depistaj:** Konsidere devlope plan pou fè depistaj kontak yo an kolaborasyon ak depatman sante eta ak lokal yo apati itilizasyon pwotokòl, fòmasyon, ak zouti yo te bay nan [Pwogram Depistaj Kontak Eta New York \(New York State Contact Tracing Program\)](#) – yon inisyatif ki te fèt ant Depatman Sante (Department of Health, DOH), Bloomberg Philanthropies, Johns Hopkins Bloomberg School of Public Health, ak Vital Strategies; epi
- **Evalyasyon yo:** Devlope plan pou fè evalyasyon sante regilye pou anplwaye, etidyan, ak vizitè yo.

Konfinman yo gen ladan plan pou jan nou dwe fè entèkansyon pou ka ki pozitif oswa ke yo sispèk yo, ansanm ak pratik ak politik prevantif yo. Konsiderasyon sa yo dwe gen pami yo, pou pi piti:

- **Izòlman:** Idantifye fason pou nou izole moun ki prezante sentom yo, alafwa moun ki ap viv nan rezidans yo ak moun ki p'ap viv nan rezidans yo (jan li aplikab). Plan yo dwe idantifye espesifikman ki kote moun yo pral viv (pa egzanp, nan batiman rezidans, otèl, lakay yo) pandan tout dire izòlman yo, ansanm ak sistèm sipò ke yo pral bay yo ki enkli manje, medikaman, sipò sikolojik, akademik, ak/oswa lòt ankò, jan sa nesèsè;
- **Karantèn:** Idantifye kijan nou pral mete an karantèn moun (ki ap viv nan rezidans yo ak sa ki p'ap viv nan rezidans yo) ki te ekspoze yo, ki enkli sistèm sipò ke yo pral bay yo ki enkli manje, medikaman, sipò sikolojik, akademik, ak/oswa lòt ankò, jan sa nesèsè;
- **Etidyan ki konfine oswa ke yo sispèk ki gen COVID-19 yo:** Enstitisyon rezidansyèl yo dwe enkli plan pou sipèvize epi bay swen medikal ak lòt sevis sante yo pou etidyan ki te teste pozitif epi ki an izòlman yo, etidyan ki bezwen plis swen medikal avanse yo, oswa etidyan ki ap tann rezilta tèst yo;
- **Ijyèn, netwayaj ak dezenfeksyon:** Mete sou pye estrateji pou fè netwayaj ak dezenfeksyon nan zòn ki ekspoze yo ak notifikasyon apwopriye pou moun ki okipe espas sa yo; epi
- **Kominikasyon:** Devlope plan pou ka pataje pwotokòl ak mezi sekirite yo te pran nan enstitisyon an.

Fèmte yo gen ladan plan kontenjans pou diminye aktivite ak operasyon sou kanpis yo ak/oswa fèmte kanpis yo. Konsiderasyon sa yo dwe gen pami yo, pou pi piti:

- **Aktivite operasyonèl yo:** Enkli ki aktivite ki pral diminye, ralanti, redwi, oswa fèmen ak ki aktivite yo pral òganize a distans yo; enkli pwosesis pou fè fèmte yo yon fason òdone ki ka enkli fèmte an plizyè faz, pa etap, ak enplikasyon pèsònèl kle yo.
- **Demènaje:** Pou inivèsite rezidansyèl yo, yo dwe mete sou pye plan pou jan etidyan yo pral demènaje kite kanpis yo an tout sekirite. Enstitisyon yo ta dwe konsidere politik pou etidyan ki ka pa ka kite kanpis yo rapidman (pa egzanp, etidyan entènasyonal yo); epi
- **Kominikasyon:** Devlope plan global pou ka kominike onivo entèn ak ekstèn pandan tout pwosesis lan.

Enstitisyon edikasyon siperyè yo enplike divès aktivite epi yo ta dwe fè referans a lis enstwiksyon "espesifik pou sektè" sa a ke Depatman Sante a (Department of Health, DOH) te bay yo – epi ki disponib sou sit entènèt [New York Forward](#) lan – pou fonksyonman sal kantin, espas rechèch, espas biwo, transpò, magazen an detay yo, ak lòt aktivite yo, jan sa aplikab. Espesifikman, aktivite sal kantin yo ak lòt sèvis alimantè sou kanpis yo dwe fonksyone konfòmman a, "[Enstwiksyon Pwovizwa pou Aktivite Sèvis Alimantè yo pandan Eta Ijans Sante Piblik pou COVID-19 la](#)" (Interim Guidance for Food Services during the COVID-19 Public Health Emergency). Aktivite rechèch yo dwe fonksyone konfòmman a, "[Enstwiksyon Pwovizwa pou Aktivite Rechèch Edikasyon Siperyè yo pandan Eta Ijans Sante Piblik pou COVID-19 la](#)" (Interim Guidance for Higher Education Research during the COVID-19 Public Health Emergency). Fonksyon administratif yo dwe fonksyone konfòmman a, "[Enstwiksyon Pwovizwa pou Aktivite Travay Ki Baze nan Biwo yo pandan Eta Ijans Sante Piblik pou COVID-19 la](#)" (Interim Guidance for Office-Based Work during the COVID-19 Public Health Emergency). Sèvis transpò yo ke enstitisyon an òganize yo dwe fonksyone konfòmman a "[Enstwiksyon Pwovizwa pou Aktivite Transpò Piblik yo pandan Eta Ijans Sante Piblik pou COVID-19 la](#)" (Interim Guidance for Public Transportation Activities during the COVID-19 Public Health Emergency). Magazen liv ki sou kanpis yo ak lòt lokal lavant an detay yo dwe fonksyone konfòmman a, "[Enstwiksyon Pwovizwa pou Aktivite Biznis An Detay yo pandan Eta Ijans Sante Piblik pou COVID-19 la](#)" (Interim Guidance for Retail Business Activities during the COVID-19 Public Health Emergency). Jimnaz sou kanpis yo ak sant egzèsis yo dwe fonksyone konfòmman a enstwiksyon ki gen pou vini yo. Aktivite atletik inivèsite ke enstitisyon an òganize yo dwe fonksyone konfòmman a enstwiksyon ki gen pou vini yo.

Lis enstwiksyon sa yo se kondisyon minimòm sèlman epi chak enstitisyon lib pou yo pran prekosyon adisyonèl oswa limitasyon ki ogmante. Lis enstwiksyon sa yo baze sou pi bon pratik sante piblik ke nou

konnen nan moman piblikasyon an, epi dokiman sou ki lis enstwiksyon sa yo baze yo ka epi ap chanje souvan. Antite ki Responsab yo – jan yo defini anba la a – gen responsabilite pou yo adere a tout kondisyon lokal, eta ak federal yo ki gen rapò ak aktivite edikasyon siperyè ak aktivite siplemantè yo. Antite ki Responsab yo responsab tou pou yo rete okouran de nenpòt dènye mizajou ke yo fè nan kondisyon sa yo, ak enstwiksyon ki gen rapò ak yo jan yo sot mansyone anlè a, epi tou enkòpore yo nan nenpòt aktivite edikasyon siperyè yo ak/oswa Plan Sekirite Espas yo.

Enfòmasyon Jeneral

Nan dat 7 mas 2020, Gouvènè Andrew M. Cuomo te pibliye [Dekrè Egzekitif 202](#) (Executive Order 202), ki deklare yon eta ijans an repons a COVID-19. Transmisyon kominotè COVID-19 deja rive toupatou nan New York. Pou kapab minimize plis pwopagasyon, nou dwe kenbe yon distans sosyal pou pi piti 6 pye ant moun yo, kote sa posib.

Nan dat 20 mas 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye [Dekrè Egzekitif 202.6](#), pou mande tout biznis ki pa esansyèl yo fèmen fonksyon pèsònèl nan biwo yo. Biznis ki esansyèl yo, jan yo defini pa [enstwiksyon](#) Kòporasyon Devlopman Empire Stare (Empire State Development Corporation, ESD) yo, pa't sijè a limitasyon an pèsòn, men yo te, sepandan, jwenn lòd pou yo konfòme yo anba enstwiksyon ak direktif ki soti nan Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York la ki mande pou yo kenbe yon anviwònman travay ki pwòp epi sekirize, epi yo te mande yo kenbe mezi distans sosyal yo nan mezi ki posib.

Nan dat 12 avril 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye [Dekrè Egzekitif 202.16](#), pou mande biznis ki esansyèl yo bay anplwaye, ki prezan nan espas travay yo, yon mask pou kouvri figi yo, gratis, ke yo dwe itilize lè yo an kontak dirèk ak kliyan oswa manm popilasyon an pandan yo nan travay yo. Nan dat 15 avril 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye [Dekrè Egzekitif 202.17](#), pou mande nenpòt moun ki gen laj plis pase de ane epi ki ka sou plan medikal tolere yon mask pou kouvri figi yo dwe kouvri nen ak bouch yo ak yon mask oswa mask pou kouvri figi ki fèt ak rad yo lè yo nan yon espas piblik epi yo pa ka kenbe, oswa yo pa kenbe, distans sosyal yo. Nan dat 16 avril 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye [Dekrè Egzekitif 202.18](#), pou mande nenpòt moun ki ap itilize sistèm transpò piblik oswa prive yo oswa lòt veyikil a lwe yo, ki gen laj plis pase de ane epi ki ka sou plan medikal tolere yon mask pou kouvri figi yo dwe mete yon mask oswa mask pou kouvri figi yo pou kouvri nen ak bouch yo pandan vwayaj yo. Li te mande tou pou nenpòt operatè oswa chofè transpò piblik oswa prive yo mete yon mask oswa mask pou kouvri figi yo ki kouvri nen ak bouch yo pandan ke gen pasaje nan veyikil sa a. Nan dat 29 me 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye [Dekrè Egzekitif 202.34](#), pou otorize operatè/pwopriyetè biznis yo gen mwayen pou yo refize kite rantre moun ki pa mete mask pou kouvri figi yo oswa ki pa respekte kondisyon mask yo.

Nan dat 26 avril 2020, Gouvènè Cuomo [te anonse](#) yon apwòch an plizyè faz pou ka retounen ouvri endistri ak biznis yo nan New York an faz ki baze sou yon analiz rejyonal ki baze sou done yo. Nan dat 4 me 2020, Gouvènè a [te pèmèt](#) pou analiz rejyonal la konsidere plizyè faktè sante piblik, ki enkli nouvo ka enfeksyon COVID-19 yo, ansanm ak sistèm swen sante a, tès dyagnostik yo, ak kapasite pou trase kontak yo. Nan dat 11 me 2020, Gouvènè Cuomo [te anonse](#) ke premye faz nan reyouvèti a ta pral kòmanse nan dat 15 me 2020 nan divès rejyon New York, ki baze sou mezi ak endikatè rejyonal ki disponib yo. Nan dat 29 me 2020, Gouvènè Cuomo [te anonse](#) ke dezyèm faz nan reyouvèti a ta pral kòmanse nan divès rejyon New York. Nan dat 11 jen 2020, Gouvènè Cuomo [te anonse](#) ke twazyèm faz nan reyouvèti a ta pral kòmanse nan dat 12 jen 2020 nan divès rejyon New York.

Nan dat 8 me 2020, Gouvènè Cuomo [te lanse](#) Konsèy Konsiltatif pou Remanye Edikasyon New York (New York's Reimagine Education Advisory Council) – ki konpoze ak edikatè, etidyan, paran, ak lidè edikasyon yo – pou ede kolèj, inivèsite, ak distrik eskolè yo remanye ansèyman ak fòmasyon yo pandan y'ap prepare pou retounen ouvri pandan y'ap pwoteje sante ak sekirite etidyan ak anseyan yo. Ekspètiz ak eksperyans kolektif nouvo konsèy konsiltatif sa a te ede reponn kesyon kle yo sou fason nou ka ranfòse tout sistèm edikatif New York la, epi li te ede enfòme enstwiksyon sa yo.

An plis de nòm nou pral site la yo, enstitisyon edikasyon siperyè yo dwe kontinye konfòme yo anba enstwiksyon ak direktif ki soti nan DOH ki mande pou yo kenbe yon anviwònman travay ki pwòp epi sekirize.

Tanpri remake ke kote enstwiksyon ki nan dokiman sa a diferan de lòt enstwiksyon ki nan lòt dokiman ke Eta New York te pibliye yo, yo ta dwe aplike enstwiksyon ki pi resan an.

Nòm pou Aktivite Edikasyon Siperyè Responsab nan Eta New York

Pa gen okenn aktivite edikasyon siperyè ki ka fèt san yo pa ranpli rekòmandasyon minimòm Eta yo, ansanm ak kondisyon federal ki aplikab yo, ki enkli men ki pa sèlman nòm minimòm ki nan Lwa sou Ameriken ki gen Andikap yo (Americans with Disabilities Act, ADA), Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo (Centers for Disease Control and Prevention, CDC), Ajans Pwoteksyon Anviwònman la (Environmental Protection Agency, EPA), ak Administrasyon Sekirite ak Sante Pwofesyonèl (Occupational Safety and Health Administration, OSHA) nan Deptaman Travay Ameriken an (United States Department of Labor). Nòm Eta a ki genyen nan enstwiksyon sa a aplike pou tout aktivite edikasyon siperyè yo ki an fonksyònman pandan eta ijans sante piblik pou COVID-19 la jiskaske Eta a anile oswa amande yo.

Direktè egzekitif/pwopriyetè/operatè prensipal enstitisyon edikasyon siperyè yo (pa egzanp, prezidan inivèsite yo), oswa yon lòt antite ke direktè egzekitif/pwopriyetè/operatè a ka chwazi (nan toulède ka yo, "Antite ki Responsab yo"), dwe responsab pou yo ranpli tout nòm sa yo. Antite yo chwazi a ka yon moun oswa gwoup moun ki responsab pou fonksyònman enstitisyon edikasyon siperyè a.

Yo te bay enstwiksyon nou pral site la yo pou ede enstitisyon edikasyon siperyè yo devlope plan reyouvèti yo, epi yo òganize an twa kategori diferan: moun yo, espas yo, ak pwosesis yo.

I. MOUN YO

A. Distans Fizik

- Antite ki Responsab yo ta dwe asire ke yo toujou kenbe yon distans omwen sis pye ant moun yo lè yo sou kanpis yo, ki enkli anplwaye ak etidyan yo, nan mezi sa posib ak lè yo chita nan yon etablisman sal klas oswa reyinyon yo, amwens ke sekirite aktivite prensipal yo (pa egzanp, pou deplase ekipman yo, lè yo nan asansè yo, lè y'ap fè yon tranzaksyon) mande yon distans ki pi kout oswa moun yo ap viv nan menm kay. Nenpòt lè moun yo dwe vin a sis pye de yon lòt moun ki pa'p viv nan menm kay ak yo (sa vle di, kolokatè), yo dwe mete mask ki akseptab pou kouvri figi yo. Moun yo ta dwe prepare pou bay yon mask pou kouvri figi yo si yon moun vin sanzatann a sis pye de yo.
 - Mask ki akseptab pou kouvri figi yo obligatwa pou moun ki gen laj plis pase de ane yo epi ki ka tolere mask sa a sou plan medikal.
 - Mask pou kouvri figi ki akseptab pou COVID-19 yo gen pami yo, men yo pa limite a, mask ki fèt ak rad yo (pa egzanp, sa yo koud lakay yo, sa yo koupe nan rad yo, foula), mask chirijik yo, ak mask pwoteksyon figi yo ki kouvri alafwa nen ak bouch yo.
 - Sepandan, mask ki fèt ak rad pou kouvri figi yo, ke yo ka jete, oswa ke yo fè lakay yo pa mask pou kouvri figi ki akseptab pou aktivite nan espas travay yo ki nòmalman mande yon pi gwo nivo pwoteksyon pou Ekipman pou Pwoteksyon Pèsonèl (Personal Protective Equipment, PPE) akòz modèl travay la. Pou aktivite sa yo, yo ta dwe kontinye itilize respiratè N-95 oswa lòt Ekipman pou Pwoteksyon Pèsonèl ke yo konn itilize nan kad nòm endistri aktyèl yo, jan sa defini konfòmman a [lis enstwiksyon OSHA yo](#).

- Yo pa ta dwe entèprete pwovizyon lwa sa a pou mande distans fizik ant kolokatè yo, oswa pou mande yo mete mask pou kouvri figi yo pandan yo anndan kay yon moun. Nan kad enstwiksyon sa a, yo ta dwe konsidere etidyan ki ap pataje menm rezidans yo (pa egzantp, chanm dòtwa yo) kòm manm menm kay.
- Yo ankouraje Antite ki Responsab yo modifiye oswa rekonfigire espas yo ak/oswa limite itilizasyon sal klas yo ak lòt espas kote etidyan ak anplwaye yo rasanble, pou ke moun yo ka omwen a sis pye youn de lòt nan tout direksyon yo (pa egzantp, bò kote lòt ak lè yo fas a fas) epi yo p'ap pataje lokal travay yo san netwayaj ak dezenfeksyon apwopriye ki fèt ant chak itilizasyon. Lè distans sosyal yo pa posib nan espas piblik yo, Antite ki Responsab yo dwe mande itilizasyon mask ki kouvri figi oswa mete baryè fizik yo (pa egzantp, mi baryè an plastik, olye de mask ki kouvri figi nan zòn kote yo pa pral afekte sikilasyon lè, chofaj, rafrechisman oswa ayerasyon, oswa ki otreman reprezante yon danje pou sante oswa sekirite).
 - Yo ta dwe mete sou pye baryè fizik yo konfòmman a lis enstwiksyon OSHA yo.
 - Opsyon baryè fizik yo ka enkli band rido, miray konpatiman yo, glas ki epè oswa materyèl similè yo, oswa lòt divizè oswa separatè ki enpèmeyab yo.
- Antite ki Responsab yo ta dwe limite rasanbleman nan espas piti yo (pa egzantp, asansè, sal apwovizyonman, biwo fakilte yo) pa plis ke yon moun alafwa, amwens ke tout moun ki nan espas sa a an menm tan mete mask ki akseptab pou kouvri figi yo oswa yo se manm menm rezidans/kay. Sepandan, menm si yo mete mask ki akseptab pou kouvri figi yo, kantite moun ki nan espas la pa ta dwe depase 50% kapasite maksimòm espas la, amwens ke si li te kreye pou yon sèl moun itilize li. Antite ki Responsab yo ta dwe ogmante nan pi gwo mezi posib ayerasyon ak lè ki soti deyò (pa egzantp, ouvri fenèt ak pòt yo), pandan ke y'ap kenbe pwotokòl sante ak sekirite yo. An plis, Antite ki Responsab yo ta dwe pran mezi adisyonèl pou evite rasanbleman nan espas atant pou asansè yo epi limite dansite nan asansè yo lè y'ap pèmèt pa egzantp itilizasyon eskalye yo.
- Kote sa posib, Antite ki Responsab yo ta dwe mete sou pye mezi ki pou redwi sikilasyon apye nan de direksyon yo apati itilizasyon tep, siy, oswa lòt endikatè ak flèch yo nan koulwa, oswa espas ki toupatou sou kanpis yo, epi poste afichaj ak makè distans yo ki endike espas sis pye yo nan espas ke moun itilize an komen yo ak nenpòt zòn kote moun fè liy yo nòmalman oswa kote moun ka rasanble yo (pa egzantp, sant sou kanpis yo, bibliyotèk, sal klas, sal kantin yo, espas evalyasyon sante yo).
 - Antite ki Responsab yo ka chwazi fè sèkl distans sis pye alantou biwo, lokal travay yo, ak lòt espas travay komen yo oswa kote li pwobab pou moun rasanble yo (pa egzantp, bibliyotèk yo, sant etid yo, tèren gazon yo).
- Antite ki Responsab yo ta dwe detèmine ki etablisman sou kanpis yo (pa egzantp, bibliyotèk, sal etid yo, etablisman rekreatif yo) ki pral fèmen pou popilasyon jeneral la (sa vle di, moun ki pa etidyan oswa anplwaye yo) oswa ofri orè espesifik ki limite pou manm popilasyon jeneral la. Pratik yo rekòmande pou limite entèraksyon piblik sou kanpis yo gen pami yo, men yo pa sèlman:
 - Limite vizitè yo a sèlman "moun yo te envite yo", ke yo prevwa pral respekte tout pwotokòl espesifik batiman ak kanpis yo; epi
 - Mande yo Kat Idantite etidyan/enstitisyonèl yo pou yo ka rantre nan batiman sou kanpis yo.
- An konsiltasyon ak depatman sante lokal la, Antite ki Responsab yo dwe idantifye kote etidyan ki te ekspozè yo, oswa ki enfekte ak, COVID-19 yo pral viv ak jan yo pral konble neseste jounalye yo (pa egzantp, manje, medikaman) si li vin nesèsè pou yo pase yon peryòd an karantèn oswa izòlman. Etablisman yo rekòmande yo gen ladan yo, men yo pa limite sèlman a:

- Batiman rezidans ki rezève ak twalèt prive yo, si sa posib, ke yo itilize sèlman nan objektif pou mete an izòlman oswa karantèn moun ki ap viv sou kanpis la ki genyen, oswa ke yo sispèk ki genyen, oswa ki te ekspoze a COVID-19;
- Otèl ki tou pre yo ke yo ranje pou akomode moun ki genyen, oswa ke yo sispèk ki genyen, oswa ki te ekspoze a COVID-19; ak/oswa
- Kay endividyèl pou etidyan yo, pandan y'ap tann etidyan an gen kapasite pou yo ale lakay yo an sekirite (pa egzanp, pa itilize transpò masif yo) epi ke lakay yo sekirize pou yo ka izole tèt yo lwen de lòt moun yo.
- Depatman sante lokal yo ka, nan kad otorite legal yo genyen, mete sou pye sipèvizyon ak limitasyon deplasman moun ki enfekte oswa ki ekspoze a COVID-19 yo ki enkli izòlman oswa karantèn lakay yo.
- Antite ki Responsab yo ta dwe poste afichaj yo nan enstitisyon an oswa sou kanpis lan, ki konsistan ak afichaj COVID-19 DOH la. Antite ki Responsab yo ka devlope epi itilize afichaj espesifik ki pèsonalize yo nan espas oswa etablisman travay yo, a kondisyon ke afichaj sa a konsistan ak afichaj Depatman an. Yo ta dwe itilize afichaj yo pou raple moun yo pou yo:
 - Rete lakay yo si yo malad.
 - Kouvri nen ak bouch yo avèk yon mask ki akseptab pou kouvri figi yo.
 - Byen konsève epi, lè sa nesèsè, jete ekipman pou pwoteksyon pèsonèl yo.
 - Adere a enstwikeyon distans sosyal yo.
 - Rapòte sentom oswa ekspozisyon a COVID-19 yo, ak jan pou yo fè sa.
 - Swiv lis enstwikeyon sou ijyèn men ak netwayaj yo.
 - Swiv etikèt ki apwopriye pou ijyèn respiratwa ak tous yo.

B. Rasanbleman nan Espas Fèmèn yo

- Antite ki Responsab yo ka chwazi itilize epi ankouraje konferans nan videyo oswa telefòn yo olye de rasanbleman an pèsòn yo (pa egzanp, klas, konferans, orè fonksyònman yo) pou kapab redwi dansite rasanbleman yo, konfòmman a enstwikeyon CDC pase nan "Enstwikeyon Pwovizwa pou Biznis ak Patwon Travay yo pou Panifye epi Fè Entèkansyon pou Maladi Kowonaviris 2019 (COVID-19)" (Interim Guidance for Businesses and Employers to Plan and Respond to Coronavirus Disease 2019 (COVID-19)). Lè konferans nan videyo oswa telefòn yo pa posib oswa yo pa preferab, Antite ki Responsab yo ka chwazi fè klas oswa reyinyon yo nan espas ki laj, ki byen ayere epi yo ta dwe asire ke moun yo kenbe distans sosyal sis pye youn de lòt (pa egzanp, kite espas ant chèz yo, fè moun yo chita nan chèz ki altène).
- Antite ki Responsab yo ka konsidere fèmèn enstalasyon ki pa esansyèl ak espas kolektif yo ki ap pwomouvwa rasanbleman oswa kote moun manyen anpil yo (pa egzanp, espas poz yo, machin kafe kolektif yo); oswa bay materyèl netwayaj ak dezenfeksyon yo ke moun yo ka itilize anvan ak apre yo fin itilize enstalasyon oswa zòn nan.
- Antite ki Responsab yo ta dwe mete an plas pratik pou distans sosyal ki apwopriye nan espas ki piti yo, tankou twalèt ak sal poz yo, epi yo ta dwe devlope afichaj ak sistèm (pa egzanp, mete siy lè yo okipe) pou limite okipasyon lè yo pa ka kenbe distans sosyal nan zòn sa yo; epi
- Antite ki Responsab yo ta dwe konsidere dekalè orè travay anplwaye yo pou ka pwomouvwa distans sosyal (pa egzanp, poz kafe, manje, ak kòmansman/fen orè yo).

C. Aktivite Operasyonèl yo

- Antite ki Responsab yo ta dwe konsidere yon melanj klas tradisyonèl an pèsòn ak klas a distans yo depandaman de nesèite etidyan yo (pa egzanp, popilasyon ki vilnerab yo), kapasite teknolojik, ak/oswa imedyatman apre peryòd ki gen anpil vwayaj yon nivo istorik yo (pa egzanp, limite klas an pèsòn yo pandan peryòd vwayaj vakans yo), pami lòt mezi pou ka redwi rasanbleman an pèsòn yo.
- Antite ki Responsab yo ta dwe pran mezi pou redwi kontak entèpèsònèl yo epi redwi dansite moun ki sou kanpis yo, apati metòd tankou:
 - ajiste orè klas oswa travay yo, lè sa apwopriye epi posib;
 - limite prezans an pèsòn yo a sèlman anplwaye ki nesèsè nan enstitisyon an;
 - redwi mendèv an pèsòn yo epi ogmante mendèv a distans yo pou ka akomode enstwiksyon sou distans sosyal yo;
 - dekalè orè yo epi pèmèt gen plis tan ant klas yo pou ka redwi foul moun sou twotwa ak nan batiman yo; epi/oswa
 - chanje elaborasyon orè klas yo pou ka kreye gwoup oswa seksyon etidyan (pa egzanp, orè A/B oswa seksyon klas yo) pou redwi risk ekspozisyon ak transmisyon pami etidyan yo.
- Lè ka COVID-19 yo devlope, Antite ki Responsab yo ta dwe konsidere limite kontak sosyal ak deplasman sou tout kanpis lan, patikilyèman nan zòn ki afekte yo (pa egzanp, fèmèn kèk fonksyon, men kenbe lòt fonksyon yo ouvri pou ede kontwole pwopagasyon an).
 - Antite ki Responsab yo ka chwazi deplase tanporèman tout klas kote yon moun te teste pozitif, pou fè yo a distans/fòm vityèl jiskaske yo ka idantifye, notifiye, teste, epi akite tout kontak yo.

D. Deplasman ak Komès

- Antite ki Responsab yo ta dwe etabli zòn ke yo te chwazi pou pase pran ak pou livrezon atik yo, sa ki ap limite kontak yo nan mezi ki posib.
- Nan mezi sa posib, Antite ki Responsab yo ta dwe limite entèraksyon sou plas yo (pa egzanp, chwazi pòt rantrè ak sòti ki separe pou anplwaye yo, elimine sikilasyon moun yo nan de direksyon yo nan mezi sa posib).

II. ESPAS YO

A. Ekipman pou Pwoteksyon yo

- An plis de Ekipman pou Pwoteksyon Pèsònèl yo ki nesèsè jan yo mande sa pou kèk aktivite nan espas travay yo, Antite ki Responsab yo dwe achte, konfeksyon oswa otreman jwenn mask ki akseptab pou kouvri figi yo, epi yo ta dwe bay anplwaye yo mask sa yo gratis pandan yo ap fè entèraksyon dirèkteman ak etidyan oswa manm popilasyon an nan travay la, konfòmman a Dekrè Egzekitif 202.16 la, jan yo amande li.
- Antite ki Responsab yo ta dwe gen disponib yon apwovizyonman mask pou kouvri figi yo, mask ak lòt ekipman PPE ki nesèsè ki disponib nan ka ke yon anplwaye bezwen yon ranplasman. Mask pou kouvri figi ki akseptab yo gen pami yo, men yo pa limite a, mask ki fèt ak rad yo (pa egzanp, sa yo koud lakay yo, sa yo koupe nan rad yo, foulda), mask chirijik yo, respiratè N95 yo, ak mask pwoteksyon figi yo.

- Antite ki Responsab yo ta dwe enfòm anplwaye, etidyan ak vizitè yo ke yo dwe mete mask ki kouvri figi yo lè yo nan espas komen oswa nan sitiyoasyon kote li difisil pou yo kenbe distans sosyal, tankou lè yo monte nan asansè, lè yo ap rantre/soti nan sal klas yo oswa sant etidyan yo, epi lè y'ap vwayaje sou kanpis la.
- Yo ta dwe netwaye oswa ranplase mask pou kouvri figi yo apre yo fin itilize yo epi yo pa dwe pataje yo. Tanpri konsilte [enstwiksyon](#) CDC pase yo pou ka jwenn enfòmasyon adisyonèl sou mask pou kouvri figi ki fèt ak rad yo ak lòt tip Ekipman pou Pwoteksyon Pèsonèl yo, ansanm ak enstwiksyon sou itilizasyon ak netwayaj yo.
 - Remake ke yo pa ta dwe konsidere mask pou kouvri figi ki fèt ak rad yo ak mask ke yo ka jete yo kòm mask ki akseptab pou kouvri figi pou aktivite nan espas travay yo ki mande yon pi gwo nivo pwoteksyon pou kondisyon pou kouvri figi yo. Pa egzanp, si respiratè N-95 yo nòmalman nesèsè pou aktivite espesifik yo, yon mask pou kouvri figi ki fèt ak rad oswa ki fèt lakay ou pa pral sifi. Antite ki Responsab yo dwe adere a [enstwiksyon OSHA yo](#) pou ekipman sekirite sa yo
- Antite ki Responsab yo dwe pèmèt moun yo itilize pwòp mask ki akseptab pou kouvri figi yo, men yo pa ka oblije yo achte pwòp mask pou kouvri figi yo. An plis, enstwiksyon sa a pa ta dwe anpeche anplwaye yo mete pwòp kouvèti pou pwoteksyon pèsonèl adisyonèl yo (pa egzanp, mask chirijik, respiratè N95, oswa pwoteksyon pou figi yo), depi ke yo respekte nòm pwoteksyon minimòm yo pou aktivite espesifik la. Antite ki Responsab yo ka mande anplwaye yo mete plis PPE pou pwoteksyon yo akoz modèl travay yo. Konpayi travay yo ta dwe konfòme yo anba tout nòm OSHA ki aplikab yo.
- Antite ki Responsab yo dwe fòm anplwaye yo sou jan pou yo byen mete, retire, netwaye (jan sa aplikab), epi jete PPE yo, ki enkli men ki pa sèlman, mask ki apwopriye pou kouvri figi yo. Yo ta dwe pwolonje fòmasyon sa a pou founisè endepandan yo si Antite ki Responsab yo pral ap bay founisè endepandan yo PPE yo.
- Antite ki Responsab yo ta dwe mete an plas plan ki pou limite pataj atik yo, tankou laptop, òdinatè pòtab, ekran taktil, ak atik pou ekri yo, epi evite manyen sifas plizyè moun manyen yo, tankou tab konferans yo; oswa, mande anplwaye yo fè ijyèn pou men yo anvan ak apre kontak yo.

B. Ijyèn, Netwayaj ak Dezenfeksyon

- Antite ki Responsab yo dwe asire adersans a egzijans ijyèn, netwayaj ak dezenfeksyon yo jan ke CDC ak DOH te mande sa, ki enkli "[Enstwiksyon pou Netwaye ak Dezenfekte Etablisman Piblik ak Prive yo pou COVID-19](#)" (Guidance for Cleaning and Disinfection of Public and Private Facilities for COVID-19), ak afichaj "[SISPANN PWOPAGASYON AN](#)" (STOP THE SPREAD), jan sa aplikab. Antite ki Responsab yo dwe kenbe rejis ki gen ladan dat, tan, ak anvègi netwayaj ak dezenfeksyon yo. Antite ki Responsab yo dwe idantifye frekans netwayaj ak dezenfeksyon yo pou chak tip etablisman epi bay responsabilite.
- Antite ki Responsab yo ta dwe bay epi kenbe espas pou fè ijyèn men yo toupatou nan enstitisyon an, jan nou pral site la a:
 - Pou lave men yo: savon, dlo cho ki ap koule, ak sèvyèt papye ke yo ka jete.
 - Pou dezenfektan pou men yo: yon dezenfektan pou men ki a baz alkòl ki genyen omwen 60% alkòl pou espas kote etablisman pou lave men yo ka pa disponib oswa pa pratik.
 - Mete dezenfektan pou men yo disponib nan tout zòn komen yo. Yo ta dwe mete yo yon kote ki apwopriye, tankou nan pòt kote moun rantre, soti, ak espas resepsyon nan batiman yo. Yo ta dwe enstale distribitè dezenfektan pou men ki san kontak yo kote sa posib.

- Antite ki Responsab yo ta dwe poste afichaj tou pre espas ki gen dezenfektan pou men yo pou endike ke moun ta dwe lave ak dlo ak savon men ki klèman sal anpil yo; dezenfektan pou men yo pa efikas pou men ki klèman sal anpil yo.
 - Antite ki Responsab yo ta dwe raple moun yo ke dezenfektan pou men ki a baz alkòl yo ka flamab epi yo ka pa apwopriye pou kèk zòn ki sou kanpis la.
- Mete poubèl tou pre enstityon an pou moun ka jete bagay ki sal yo, ki enkli papye ijyenik ak PPE yo.
- Antite ki Responsab yo ka chwazi bay materyèl netwayaj ak dezenfeksyon ki apwopriye yo pou sifas ki komen epi ke moun manyen souvan yo, epi ankouraje anplwaye yo (oswa pèsonèl netwayaj yo) itilize materyèl sa yo, lè y'ap swiv enstwiksyon fabrikan yo, anvan ak apre itilizasyon sifas sa yo, epi apre fè ijyèn pou men yo.
 - Konsidere bay sèvyèt mouye ke yo ka jete pou anplwaye yo ka siye sifas ke plizyè moun itilize souvan yo (pa egzanp, klavye, biwo, telekòmand yo) anvan ak/oswa apre chak itilizasyon.
 - Pou kapab redwi sifas ke plizyè moun manyen yo, Antite ki Responsab yo ta dwe enstale ekipman san kontak yo tankou fontèn dlo, poubèl fatra, distribitè sèvyèt papye yo, kote ki posib.
 - Si li pa posib pou yo enstale ekipman san kontak yo, Antite ki Responsab yo ta dwe, pou pi piti, mete dezenfektan pou men yo disponib tou pre sifas ke plizyè moun manyen yo (pa egzanp, poubèl fatra, distribitè sèvyèt papye yo).
- Antite ki Responsab yo dwe fè netwayaj ak dezenfeksyon regilye nan etablisman yo, ansanm ak netwayaj ak dezenfeksyon pi souvan pou kote ki pi danjere yo ke anpil moun itilize ak pou sifas yo manyen souvan yo. Netwayaj ak dezenfeksyon yo dwe fèt yon fason minisye epi kontinyèl epi yo ta dwe fèt omwen chak jou, oswa pi souvan jan sa nesese. Tanpri konsilte "[Enstwiksyon Pwovizwa pou Netwaye ak Dezenfekte Etablisman Piblik ak Prive yo pou COVID-19](#)" (Interim Guidance for Cleaning and Disinfection of Public and Private Facilities for COVID-19) DOH yo pou kapab jwenn enstwiksyon ki detaye sou jan pou nou netwaye ak dezenfekte etablisman yo.
 - Antite ki Responsab yo dwe asire ke yo regilyèman fè netwayaj ak dezenfeksyon twalèt yo. Nou dwe netwaye epi dezenfekte twalèt yo pi souvan depandaman de a ki frekans yo itilize yo.
 - Antite ki Responsab yo ta dwe asire ke yo netwaye epi dezenfekte regilyèman ak dezenfektan ki anrejistre yo tout materyèl ak zouti ke anplwaye yo itilize yo. Konsilte [lis pwodwi](#) Depatman Pwoteksyon Anviwònman (Department of Environmental Conservation, DEC) yo ki anrejistre nan Eta New York epi ke EPA te idantifye kòm pwodwi ki efikas kont COVID-19. Si pwodwi netwayaj oswa dezenfeksyon yo oswa aktivite netwayaj oswa dezenfeksyon yo lakòz pwoblèm sekirite oswa degrade materyèl oswa machin yo, Antite ki Responsab yo dwe mete sou pye espas pou fè ijyèn pou men yo pou itilizasyon altènatif ak/oswa gan ke yo ka jete ak/oswa limitasyon kantite anplwaye ki ap itilize machin sa yo.
 - Pi bon pratik pou nou mete sou pye nan twalèt rezidansyèl moun pataje yo (sa vle di, kolektif yo) enkli men pa sèlman:
 - Enstalasyon baryè fizik ant douch, twalèt, ak lavabo yo si li pa posib pou mete separasyon 6 pye yo;
 - Itilize distribitè sèvyèt papye yo olye de sechwa ak lè yo;
 - Lè konfigirasyon fizik batiman an pèmèt sa, chwazi twalèt ki kolektif nan etaj batiman rezidansyèl yo pou moun oswa chanm espesifik itilize pou ka limite kontaminasyon toupato, epi ede nan kontwòl sikilasyon yo.

- Limite estokaj atik pèsònèl yo nan twalèt kolektif yo, patikilyèman si yo pataje yo ak lòt moun ki pa manm menm rezidans la (sa vle di, kolokatè yo).
- Antite ki Responsab yo dwe asire ke yo respekte règ sou distans yo lè yo ap itilize siyalizasyon, makè pou endike kote ki okipe yo, oswa lòt metòd pou diminye kapasite twalèt yo nan kèlkeswa moman an, lè sa posib.
- Antite ki Responsab yo dwe fè netwayaj ak dezenfeksyon espas ki ekspoze yo nan ka ke gen yon moun ke yo konfime ki pozitif pou COVID-19, epi netwayaj ak dezenfeksyon sa a dwe gen ladan, pou pi piti, tout espas ki gen anpil sikilasyon yo ak kote moun manyen souvan yo.
- Yo espere ke Antite ki Responsab yo pral respekte enstwiksyon CDC pase sou "Netwayaj ak Dezenfeksyon Etablisman ou an" (Cleaning and Disinfecting Your Facility) si yo te sispèk yon moun oswa te konfime yon moun ki gen enfeksyon COVID-19 yo jan nou pral site la:
 - Fèmen tout espas ke moun ke yo konfime oswa sispèk ki gen COVID-19 la te itilize yo.
 - Antite ki Responsab yo pa nesèsèman bezwen fèmen operasyon yo, si yo ka fèmen espas ki afekte yo.
 - Ouvri pòt ak fenèt deyò yo pou ka ogmante sikilasyon lè nan espas la.
 - Rete tann 24 èdtan anvan ou netwaye epi dezenfekte. Si 24 èdtan pa posib, rete tann pi plis posib.
 - Netwaye epi dezenfekte tout espas keke moun ke yo konfime oswa sispèk ki gen COVID-19 la te itilize yo, tankou biwo, sal klas, twalèt, ak espas komen yo.
 - Yon fwa ke yo byen fin netwaye epi dezenfekte espas la, yo ka retounen ouvri li pou moun itilize.
 - Moun ki pa't gen kontak tou pre oswa bò kote moun ke yo sispèk oswa konfime ki gen COVID-19 la ka retounen nan zòn travay la oswa reprann aktivite sou kanpis yo nan zòn nan imedyatman apre yo fin fè netwayaj ak dezenfeksyon yo.
 - Refere nou a "Enstwiksyon Pwovizwa pou Anplwaye Piblik ak Prive Ki Ap Retounen nan Travay yo Apre Enfeksyon oswa Ekspozisyon a COVID-19" (Interim Guidance for Public and Private Employees Returning to Work Following COVID-19 Infection or Exposure) DOH la pou ka jwenn enfòmasyon sou kontak "tou pre oswa pwòch yo".
 - Si plis pase sèt jou te pase depi lè ke yo konfime oswa sispèk ki gen COVID-19 la te vizite oswa itilize etablisman an, li pa nesèsè pou nou fè netwayaj ak dezenfeksyon adisyonèl, men nou ta dwe kontinye fè netwayaj ak dezenfeksyon regilye yo.
- Antite ki Responsab yo ta dwe entèdi manje ak bwason pataje yo ant anplwaye yo (pa egzanp, manje nan modèl bifè yo), amwens ke moun yo se manm menm rezidans, epi rezève espas ki apwopriye pou anplwaye ak etidyan yo ka kenbe distans sosyal lè y'ap manje.

C. Reyouvèti An Plizyè Faz

- Antite ki Responsab yo dwe chwazi yon sipèvizè sekirite kanpis lan ki gen responsabite ki enkli konfòmite an pèmanans ak tout aspè ki nan plan reyouvèti enstitisyon edikasyon siperyè a.
- Yo ankouraje Antite ki Responsab yo fè aktivite reyouvèti yo an plizyè faz pou ke yo ka pèmèt yo rezoud pwoblèm fonksyonman yo anvan aktivite yo retounen nan nivo nòmal yo. Antite ki Responsab yo ta dwe konsidere limite kantite anplwaye, èdtan, ak kantite etidyan yo lè y'ap retounen ouvri pou premye fwa pou yo ka bay operasyon ki gen kapasite pou ajiste a chanjman yo.

D. Plan Kominikasyon yo

- Antite ki Responsab yo dwe bay deklarasyon ki montre ke yo te revize epi konprann lis enstwiksyon sou sektè sa a ke Eta a te pase yo epi yo dwe soumèt plan reyouvèti yo, jan yo mande anba la a, anvan reyouvèti yo.
- Antite ki Responsab yo ta dwe diskite ak manm kominote sou kanpis yo (pa egzanp, anplwaye, etidyan, òganizasyon ki enterese yo) lè yo ap devlope plan reyouvèti yo. Plan reyouvèti a ta dwe idantifye gwoup moun ki enplike epi angaje yo pandan tout pwosesis planifikasyon an.
- Antite ki Responsab yo ta dwe devlope yon plan kominikasyon pou etidyan, paran oswa gadyen legal yo, anplwaye, ak vizitè yo ki gen ladan enstwiksyon, fòmasyon, ak afichaj ki gen rapò ak reyouvèti a, ak yon mwayen ki konsistan pou bay moun yo enfòmasyon. Antite ki Responsab yo ka konsidere devlopman paj entènèt yo, gwoup tèks ak imèl yo, ak/oswa gwoup oswa pòs sou rezo sosyo.
- Antite ki Responsab yo ta dwe ankouraje tout etidyan, anplwaye, ak vizitè yo respekte enstwiksyon CDC ak DOH pase yo konsènan itilizasyon PPE yo, espesyalman mask pou kouvri figi yo lè yo pa ka kenbe distans sosyal sis pye a, atravè kominikasyon vèbal ak afichaj yo.
- Antite ki Responsab yo ta dwe chwazi pwen kontak oswa kowòdonatè yo ki pou vin pwen kontak prensipal lè yo idantifye ka ki pozitif yo epi ki responsab pou kominkasyon apre sa yo. Kowòdonatè yo ta dwe responsab pou yo reponn kesyon ke etidyan ak anplwaye yo genyen sou eta ijans sante piblik pou COVID-19 la ak plan ke enstitisyon an te mete sou pye yo.
 - Si sa posib, kowòdonatè yo ta dwe travay de prè tou ak depatman sante lokal ak lòt enstitisyon edikasyon siperyè yo pou ka sipèvize kondisyon sante piblik yo epi devlope ansanm estrateji sipèvizyon yo.

III. PWOSESIS YO

A. Evalyasyon ak Tès yo

- Enstitisyon edikasyon siperyè rezidansyèl yo ka chwazi fè tès pou etidyan, fakilte, ak/oswa pèsonèl ki ap fè entèraksyon ak etidyan yo pou COVID-19 apati itilizasyon yon tès dyagnostik molekilè anvan oswa kou yo rive.
 - Yo rekòmande, pou piti, pou enstitisyon yo teste etidyan yo ki ap rive ki soti nan lòt eta ak peyi yo apre yo fin rive.
 - Pi bon pratik lan se retounen fè tès pou moun ki soti nan lòt eta ak peyi yo ant 7 a 14 jou apre yo rive, oswa kou yo devlope sentom yo.
 - Moun ki vin prezante sentom yo, men ki gen yon rezilta tès pou COVID-19 ki negatif yo, ta dwe kontinye rete lakay yo oswa an izòlman pandan ke yo malad, epi yo ta dwe konsilte founisè swen sante yo sou nesosite pou fè tès adisyonèl ak lè pou yo rekòmanse ak aktivite nòmal yo.
 - Nan enstitisyon edikasyon siperyè rezidansyèl yo, Antite ki Responsab yo ta dwe detèmine si nou dwe separe etidyan yo lè yo rive jiskaske yo ka pase tès epi rezilta tès yo negatif.
- Antite ki Responsab yo ta dwe rete okouran ke karantèn etidyan oswa anplwaye yo ka nesèsè apre yo fin fè vwayaj entènasyonal yo, konfòmman a enstwiksyon CDC ak DOH aktyèl yo.

- Antite ki Responsab yo ka konsidere devlope sistèm tè s yo sou kanpis yo oswa sistèm pou fè pwòp tè s yo, jan sa posib.
- Antite ki Responsab yo dwe mete sou pye pratik evalyasyon sante regilye obligatwa pou anplwaye, etidyan yo, epi lè sa posib, pou vizitè ki planifye yo (pa egzant, gwoup vizit sou kanpis yo), men evalyasyon sa a pa ta dwe obligatwa pou pèsònèl livrezon yo.
 - Yo dwe evalye chak jou anplwaye ki ap vini nan travay sou kanpis yo.
 - Yo dwe evalye etidyan yo yon fason peryodik jan ke enstitisyon edikasyon siperyè a te detèmine, men pa gen obligasyon pou nou evalye yo chak jou.
 - Yo rekòmande yo fè pratik evalyasyon yo a distans (pa egzant, pa telefòn oswa ankèt elektwonik), anvan ke moun nan vin an pèsòn nan aktivite ki gen rapò ak enstitisyon edikasyon siperyè a, nan mezi sa posib; oswa yo ka fè yo nan espas la.
 - Yo dwe konplete evalyasyon yo apati itilizasyon yon kesyonè dijital oswa an pèsòn ki ap detèmine si wi ou non moun nan te:
 - (a) an tout konesans li tou pre oswa bò kote yon moun ki te teste pozitif pou COVID-19 oswa ki gen oswa te gen sentom COVID-19 yo pandan 14 dènye jou ki sot pase yo;
 - (b) teste pozitif pou COVID-19 pandan 14 dènye jou ki sot pase yo; epi/oswa
 - (c) santi nenpòt nan sentom COVID-19 yo pandan 14 dènye jou ki sot pase yo.
- Jan yo kapab, Antite ki Responsab yo ta dwe konsidere mete sou pye pratik evalyasyon sante pou vizitè yo pa't planifye yo (pa egzant, manm popilasyon an ke yo pèmèt itilize etablisman kanpis yo).
- Refere nou a enstwiksyon CDC pase nan "[Sentom Kowonaviris yo](#)" (Symptoms of Coronavirus) pou kapab jwenn dènye enfòmasyon sou sentom ki asosye ak COVID-19 yo.
- Yo dwe imedyatman voye nenpòt moun ke yo evalye kòm moun ki pozitif pou ekspozisyon oswa sentom COVID-19 yo lakay yo, nan rezidans yo, oswa nan lokal karantèn oswa izòlman ke yo te chwazi ak enstwiksyon oswa aranjman pou evalyasyon ak tè s sante yo. Antite ki Responsab yo dwe imedyatman enfòmè depatman sante lokal eta ak lokal yo sou ka sa a si rezilta tè s yo pozitif pou COVID-19. Antite ki Responsab yo ta dwe bay moun nan tou enfòmasyon sou resous ki genyen pou swen sante ak tè s yo, si yo aplikab.
- Antite ki Responsab yo ta dwe chwazi yon pwèn kontak prensipal, ki ka varye selon aktivite, lokal, orè oswa jou, ki responsab pou resevwa epi ateste ke yo te revize tout aktivite evalyasyon yo, epi yo dwe idantifye kontak sa tou kòm antite pou moun yo enfòmè si pi devan yo vin santi sentom ki gen rapò ak COVID-19 yo oswa ekspozisyon a COVID-19, jan yo make nan kesyonè a.
- Antite ki Responsab yo dwe mande moun yo pou yo imedyatman revele si ak lè repons yo bay pou nenpòt kesyon nou sot mansyone anlè a yo te chanje, tankou si yo kòmanse santi sentom yo, alafwa pandan orè travay yo oswa orè an deyò travay yo.
 - An plis de kesyonè evalyasyon yo, yo ka fè verifikasyon tanperati jounalye yo konfòmeman a lis enstwiksyon Komisyon Opòtinite Anplwa Egal Ego Ameriken (U.S. Equal Employment Opportunity Commission) oswa DOH yo. Antite ki Responsab yo gen entèdiksyon pou yo kenbe rejis sou enfòmasyon sante anplwaye yo (pa egzant, enfòmasyon sou tanperati espesifik yon moun nan yon dat ak tan kèlkonk).

- Antite ki Responsab yo dwe asire ke nenpòt manm pèsònèl ki ap fè aktivite evalyasyon an pèsòn yo, ki enkli verifikasyon tanperati yo, dwe byen pwoteje tèt yo yon fason ki apwopriye kont ekspozisyon yo a anplwaye oswa vizitè ki potansyèlman enfekte ki ap antre nan etablisman yo. Pèsònèl ki ap fè aktivite evalyasyon yo ta dwe pran fòmasyon nan men moun ke konpayi travay yo te idantifye kòm moun ki fanmiyè ak pwotokòl CDC, DOH, ak OSHA yo.
- Moun ki ap fè evalyasyon yo ta dwe resevwa epi yo ta dwe itilize PPE yo, ki enkli pou pi piti, yon mask ki akseptab pou kouvri figi yo, epi sa ka enkli gan, yon blouz, ak/oswa yon pwoteksyon pou figi yo.

B. Depistaj ak Reperaj

- Antite ki Responsab yo dwe enfòmèlman depatman sante lokal ak eta a imedyatman apre yo fin enfòmèlman sou nenpòt rezilta tèst ki pozitif pou COVID-19 pou yon moun ki sou kanpis lan, ki enkli anplwaye, etidyan, ak vizitè yo.
- Nan ka ke yon moun te teste pozitif, Antite ki Responsab yo dwe devlope plan ak depatman sante lokal yo pou depiste tout kontak moun nan yo, konfòmman a pwotokòl, fòmasyon, ak zouti ke yo te bay atravè Pwogram Depistaj Kontak Eta New York (New York State Contact Tracing Program) la. Yo dwe kenbe konfidansyalite jan lwa ak règleman federal ak eta yo mande sa. Antite ki Responsab yo dwe kowopere ak depatman sante lokal ak eta yo nan kad efò y'ap fè pou fè depistaj, izòlman, ak karantèn kontak yo.
 - Si sa posib, Antite ki Responsab yo ka ofri teknoloji depistaj ak trasaj kontak ki opsyonèl (pa egzanp, aplikasyon mobil yo) pou òganize pwosesis depistaj kontak ak kominikasyon yo pami mendèv ak kominote etidyan yo.
 - Antite ki Responsab yo ta dwe fè patenarya ak depatman sante lokal yo pou kapab fòmèlman pèsònèl ak etidyan yo pou ka antreprann efò depistaj kontak yo pou popilasyon sou kanpis yo, kote sa posib.
- Depatman sante lokal ak eta yo pral mete sou pye sipèvizyon ak limitasyon deplasman moun ki enfekte oswa ki ekspoze a COVID-19 yo ki enkli izòlman oswa karantèn lakay yo.
- Antite ki Responsab yo dwe asire ke plan pou rapòte moun yo an plas pou moun ke yo te alète ki te an kontak tou pre oswa bò kote yon moun ki gen COVID-19, epi ke yo te alète de ekspozisyon sa a apati depistaj, reperaj oswa lòt mekanis yo.
- Antite ki Responsab yo ta dwe refere yo "Enstwiksyon Pwovizwa pou Anplwaye Piblik ak Prive Ki Ap Retounen nan Travay yo Apre Enfeksyon oswa Ekspozisyon a COVID-19" (Interim Guidance for Public and Private Employees Returning to Work Following COVID-19 Infection or Exposure) DOH la pou ka jwenn enfòmasyon sou pwotokòl ak politik pou moun ki ap chèche tounen nan travay oswa sal klas yo apre yon ka ke yo te konfime oswa sispèk ki gen COVID-19, oswa apre ke moun nan te an kontak tou pre oswa bò kote yon moun ki te gen COVID-19.

IV. PLAN ENSTITISYON YO

Antite ki Responsab yo dwe bay yon deklarasyon ki montre ke yo te revize epi konprann lis enstwiksyon sa a. An plis, konfòmman a enstwiksyon sa a, Antite ki Responsab yo dwe prepare epi soumèt plan reyouvèti ak fonksyonman yo pandan eta ijans ki ap kontinye a.

Plan yo ta dwe refilete angajman ak pati ki konsène sou kanpis yo epi, konfòmeman a kondisyon minimòm yo te referanse nan dokiman sa a, kouvri: (1) reyouvèti kanpis lan, (2) siveyans sou kondisyon sante yo, (3) konfinman pou ka transmisyon potansyèl viris lan, ak (4) fèmti aktivite an pèsòn yo sou kanpis lan, si sa nesèsè akòz transmisyon COVID-19 toupatou sou kanpis lan. Antite ki Responsab yo dwe poste byen klè plan reyouvèti konplè yo pou anplwaye ak etidyan yo ka aksede a yo.

Enstitisyon edikasyon siperyè prive ak lòt sa ki pa piblik yo ta dwe itilizisyon lyen fòmilè soumisyon ki annapre a pou ranpli plan yo voye bay DOH. DOH ka mande enstitisyon edikasyon siperyè sa yo pou yo modifiye plan yo, nan mezi ki nesèsè pou asire konfòmite anba enstwiksyon sa a.

<https://forms.ny.gov/s3/higher-education-reopening>

Enstitisyon State University of New York (SUNY) ak City University of New York (CUNY) ta dwe soumèt plan yo bay biwo chanselye respektif yo epi yo pa ta dwe itilize fòmilè soumisyon ki anlè a. Otorite SUNY ak CUNY yo pral kontakte chak enstitisyon dirèkteman konsènan plan yo te soumèt yo.

Gen plis enfòmasyon, rekòmandasyon, ak resous sou sekirite ki disponib sou:

Sit Entènèt Epidemi Kowonaviris (COVID-19) Depatman Sante Eta New York la
<https://coronavirus.health.ny.gov/>

Sit Entènèt Kowonaviris (COVID-19) Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo
<https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/index.html>

Sit Entènèt Kowonaviris (COVID-19) Administrasyon Sekirite ak Sante Pwofesyonèl
<https://www.osha.gov/SLTC/covid-19/>

Sit Entènèt Asosiyasyon Sante Inivèsite Amerikèn nan (American College Health Association)
<https://www.acha.org>

Nan lyen ki anba la a, konfime ke ou te li epi konprann obligasyon ou genyen pou ka fonksyone konfòmeman a enstwiksyon sa a:

<https://forms.ny.gov/s3/ny-forward-affirmation>